



Pou Piblikasyon Imedya: 01/12/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINISMAN PREMYÈ FAZ WOUT RAY ADIRONDACK LA

***Etap premye faz enpòtan an se premye nan twa faz k ap konekte Lake Placid ak
Tupper Lake***

Santye lwazi klas mondyal nan kè Adirondacks la kounye a ouvri pou lwazi ivènal

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a finisman konstriksyon nan premye faz Wout Ray Adirondack (Adirondack Rail Trail) la, yon chemen lwazi ki mezire 54 km, pou plizyè itilizasyon pou avantiryè eksteryè yo ant Tupper Lake ak Lake Placid. Premye nan twa faz konstriksyon yo te konvèti ansyen vwa ferye a otou segman Lake Placid ak Saranac Lake nan koridò a an yon chemen klas mondyal pou itilizasyon pataje, yon fwa lè li fini, li pral ouvri tout ane a, gratis, pou randonè yo, siklis yo, eskiyè randone, ak amatè motonèj yo.

"Adirondacks bay kèk nan pi bèl peyizaj natirèl ak resous nan mond lan ansanm ak kominote panoramik ki pare pou akeyi vizitè yo". **Gouvènè Hochul te deklare.** "Eta etap enpòtan jodi a se yon etap nan direksyon pou reyalize vizyon Wout Ray Adirondack la epi mwen pa ka tann pwogrè kontinyèl pwojè a ki pral pote plezi pandan tout ane bay itilizatè Wout Ray la epi ranfòse ekonomi lokal yo."

Lè tout twa faz konstriksyon yo fini, Wout Ray Adirondack la pral konekte kominote Lake Placid, Saranac Lake, ak Tupper Lake. Wout la pral bay vizitè yo opòtinite pou jwi cham inik ak ekipman nan chak kominote pandan y ap bay aksè a plizyè kilomèt santye ki enpresyonan, anpil sit kan, ak anpil vwa navigab nan tè Forest Preserve la ki adjasan a koridò a. Otou Wout Ray la, pano entèpretasyon pral ede vizitè yo aprann sou istwa chemen fè a, kilti kominote adjasan yo, ak tè ak dlo ki antoure yo.

Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) ak Biwo pou Sèvis Jeneral lan (Office of General Services, OGS) Eta New York lan te fèk akòde Kubricky Construction Corp. nan Wilton, Konte Saratoga, kontra 7.9-milyon dola pou premye faz konstriksyon an. Se NY Works ki finanse kontra a, ak yon lòt 225,000 dola ki sipòte pa Fon Pwoteksyon Anviwònmanal (Environmental Protection Fund) Eta a pou sipèvizyon ak enspeksyon konstriksyon. Premye faz konstriksyon sa a te kòmanse nan Station Street nan Lake Placid, jis nan lwès Lake Placid Depot, epi fini apre Depo Saranac Lake la tou pre entèseksyon Cedar Street ak Route 86 la, ki totalize

16 km. Nan mwa oktòb, DEC te anonse yon Demann Enfòmasyon (Request for Information, RFI) pou soumèt lide ak plan pou itilizasyon ak aksè piblik nan bilding istorik Depo Saranac Lake sou Wout Ray Adirondack la nan vilaj Saranac Lake. DEC ap revize soumisyon yo anvan li bay yon Demann pou Pwopozisyon fòmèl. RFI a te fèmen pou soumisyon piblik la nan dat 3 novanm 2023.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la, Basil Seggos, te deklare, "Wout Ray Adirondack la byen sou wout li pou l vin tounen yon destinasyon prensipal nan Adirondacks, k ap konekte Nouyòkè yo ak lanati epi atire vizitè yo nan divès opòtinite lwazi nan rejyon an nan plizyè sezon. Etap enpòtan jodi a make finisman premye faz konstriksyon Wout Ray la ak yon opòtinite pou rekonèt ak selebre efò soutni Eta, federal, Nasyon Endyen, ak patnè lokal k ap travay ansanm pou avanse resous rejyonal sa a soti nan konsèp nan reyalite."

Komisè Pwovizwa Biwo Sèvis Jeneral la, Jeanette Moy, te deklare, "Ekip OGS fyè dèske li te travay an patenarya ak DEC ak DOT pou akonpli angajman Gouvènè Hochul te pran pou kreye yon wout ray pou lwazi ki ta pèmèt rezidan yo ak vizitè yo fè eksperyans Adirondacks panoramik la ak kominote lokal li yo avèk fasilite. Pandan n ap selebre fini premye faz santye a jodi a, nou pran angajman tou pou reyalize totalman vizyon Gouvènè a pou yon santye klas mondyal, pou plizyè itilizasyon, pandan tout ane a, epi ki aksesib ki konekte Lake Placid ak Tupper Lake."

Komisè Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a, Marie Therese Dominguez te deklare, "Depatman Transpò Eta New York (New York State Department of Transportation, NYSDOT) fyè de wòl nou te jwe nan kòmansman faz konstriksyon sou Wout Ray Adirondack la, netwaye ansyen ray yo epi poze fondasyon pou yon nouvo chapit lwazi nan Adirondack Park la. Santye pou plizyè itilizasyon sa a pral pèmèt rezidan yo ak touris yo jwi bote natirèl ak majeste Adirondacks la pandan tout ane a nan yon fason dirab. Mèsi Gouvènè Hochul ak patnè nou yo nan DEC ak OGS paske yo te sipòte pwojè sa a depi nan konmansman epi pou travay ki te kontribiye nan fè premye faz Wout Ray Adirondack sa a vin yon reyalite."

Pou pwoteje sekirite piblik la, yo te limite aksè ak segman Lake Placid ak Saranac Lake pandan konstriksyon aktif la. Kounye a piblik la gen dwa nan segman sa a nan koridò a; aksè ak motonèj atravè tout Wout Ray Adirondack ki mezire 54 kim apati 10 desanm 2023.

Faz inisyal konstriksyon an te enkli tou travay sou opsyon pakin elaji nan Tupper Lake ak retire ray adisyonèl alantou Depo Saranac Lake la. Konstriksyon dezyèm faz santye a, ki gen ladan segman Saranac Lake rive Floodwood, te kòmanse an 2023 epi yo pral pran yon poz pou sezon ivè a. Yo prevwa faz sa a ap fini nan fen ane 2024 la. Faz final konstriksyon soti Floodwood rive Tupper Lake sipoze kòmanse an 2024, y ap pran yon poz pou sezon ivè a epi l ap fini an 2025. Segman santye Saranac Lake rive Tupper Lake te ouvè pou rekreyasyon pwovizwa pandan premye faz konstriksyon an. OGS pral kontinye sipèvizè konsepsyon ak konstriksyon santye pandan tout twa faz yo.

Pwojè a fè pati investisman estratejik DEC atravè Inisyativ Adventure NY la pou amelyore aksè piblik nan tè ak enstalasyon Eta a epi konekte moun ak lanati ak aktivite eksteryè yo. Wout la fèt pou li aksesib pou moun ki gen tout kapasite nan limit maksimòm posib. Majorite sifas santye a pral konpoze ak wòch kraze konpakte. Santye a pral pave nan zòn yo chwazi nan vilaj Saranac Lake ak nan ti seksyon nan santye sou pon yo.

Senatè Eta a, Dan Stec, te deklare, "Finisman premye faz Wout Ray Adirondack la se yon bon nouvèl pou rejyon nou an. Investisman ak amelyorasyon tankou sa a enpòtan anpil pou ede rejyon nou an kontinye devlope. Yon fwa ke tout twa faz yo fini, santye a pral yon pati enpòtan nan ekonomi North Country a epi li pral bay yon lòt aktivite inik pou lwazi deyò pou rezidan yo ak vizitè yo."

Manm Asanble Billy Jones te deklare, "Pa gen anyen ki pi bon pase lwazi deyò nan Adirondacks, epi mwen vle remèsye tout moun ki enplike nan premye faz Wout Ray Adirondack la. Santye sa a pral bay moun nan lokalite yo ak vizitè yo yon lòt fason pou jwi bèl panorama ak peyizaj rejyon nou an gen pou l ofri."

Manm Asanble Matthew Simpson, te deklare, "Wout Ray Adirondack la se yon temwayaj sou angajman New York nan montre kijan nou kapab kenbe karaktè primitif resous natirèl anviwònman nou yo pandan y ap devlope kapasite yo pou sèvi kòm resous pou lwazi deyò klas mondyal. Ak 1e Etap la ki kounye a fini, konkretizasyon vizyon sa a merite yon gwo selebrasyon. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul ak Komisè DEC la Basil Seggos pou sipò kontinyèl yo nan pwojè sa a epi mwen salye gason ak fanm ki te ede nan konstriksyon fizik gwo pwojè sa a."

Travay pou transfòme santye an te kòmanse nan mwa oktòb 2020 lè Depatman Transpò Eta a (DOT) te travay pou retire enfrastrikti ray la soti nan segman koridò Tupper Lake la rive nan Lake Placid. Nan mwa mas 2022, DEC ak DOT te anonse transfè jiridiksyon bay DEC, sa ki make finisman fòmèl faz eliminasyon ray la epi li kòmanse kòmansman faz fòmèl konsepsyon ak konstriksyon santye yo. Avèk transfè jiridiksyon an, DEC te asime jesyon sekirite piblik ak aktivite lwazi, ansanm ak antretyen, nan segman sa a nan koridò a.

Lè konstriksyon an fini, DEC pral asime jesyon chak jou nan santye an, travay sere ak moun ki gen enterè yo ak minisipalite yo. Enfòmasyon ajou sou kondisyon koridò yo, faz konstriksyon yo, konsèy sou lwazi pwovizwa, ak yon kat itilizasyon piblik disponib sou [paj wèb Koridò Vwayaj Remsen-Lake Placid](#) (Remsen-Lake Placid Travel Corridor) DEC la. Plis detay Modifikasyon Plan Jesyon Inite Koridò Vwayaj Remsen-Lake Placid 2020/Deklarasyon sou Enpak Anviwòmantal Sipleman tè a disponib tou sou [sitwèb DEC la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)